

Bulletin to Property Owners - April 2020

15 avril 2020

Chè Pwopriyetè,

Depatman Pwoteksyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York bay tanzantan mizajou sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon yon sou materyèl ak resous disponib bay pwopriyetè edifis yo pou bay konkou ak Kòd Antretyen Lojman (Housing Maintenance Code) Vil New York, Lwa sou Lojman Miltip (Multiple Dwelling Law) Eta New York lan ak lòt kòd minisipal ki gen pou wè ak sa. Ale sou [sitwèb HPD a](#) pou li bilten sa a ak ansyen bilten nou yo nan lòt lang.

Piblikasyon sa a la pou bay enfòmasyon yon sèlman epi li pa la kòm konsèy jiridik. Enfòmasyon yon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa final tout responsablite pwopriyetè kay ak lokatè anrapò ak lalwa ak règ ki konsène lojman nan vil New York.

Prekosyon pou Kowonaviris la (COVID-19)

Kòm sitiyasyon COVID-19 nan koulye a ap vale teren nan New York, HPD ta renmen bay pwopriyetè bilding yo, manadjè bilding, ak lokatè enfòmasyon yon sou bon jan prekosyon pou yo pran. Tanpri distribiye [Lis Kesyon Repons pou bilding rezidansyèl yo, konsèy pou dezenfekte](#), ak [Lis kesyon repons sou mask nan figi](#) Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal bay ekip k ap travay nan bilding ou lan. Note byen [konsèy resan Eta New York](#) mande pou bès travay yo bay travayè ki esansyèl yo pote mask nan figi yo lè yo antre an kontak ak kliyan yo oubyen piblik la. Sa aplikab pou travayè ki travay nan bilding yo. Mas la kapab twal ki resikle, ki fèt lakay, oswa papyè chirijikal (se pa N95 oubyen KN95). Ankouraje ekip nan bilding ou la pou swiv mezi sa yo ki aliyen an. Tanpri, poste Lis Kesyon Repons sou mask pou kouvri figi DOHMH la nan zòn ki komen pou lokatè yo. Si bilding ou la gen yon fasilite kote moun rasanble (kote moun pataje saldeben, kizin, kote moun manje, oubyen salon) ou sipoze revize [konsèy pou bilding ki gen kote moun rasanble yo](#).

Pou jwenn plis enfòmasyon HPD, tanpri al gade nan [sitwèb NYC HPD COVID-19](#) la. Pou tout dènye enfòmasyon sou lasante, al gade nan [sitwèb NYC DOHMH COVID-19](#).

Pou resevwa tout dènye flach atan nan pwogram avètisman NYC ki nan Vil ou a voye ton mesaj ekri nan 692-692.

Konsèy konsènan COVID-19: Enspeksyon ak Vyolasyon HPD

HPD kontinye dirije enspeksyon yo epi reponn vyolasyon yo ak lòd yo an ijans. Nou ap reponn tout lokatè ak pwopriyetè yo ki kontinye chache èd nou epi k ap fè tout sa ki posib pou kontinye bay sipò administratif pou tout sèvis yo.

Dabitid, pwopriyetè ak ajan yo sipoze fè tout efò yo pou korije imedyatman vyolasyon danjere ki gen rapò ak chalè, dlo cho, kouran elektrik, epi sant sante ki andomaje. Ou kapab sètifye vyolasyon yo epi aplike pou yon lòt randevou si ou bezwen pi plis tan. Ou sipoze sètifye tout vyolasyon yo, menm si yo atan.

Obligasyon pou Bay Rapò sou Pinèz

Dat limit pou soumèt Rapò Anyèl sou Pinèz la te pase Si ou pa gen tan depoze rapò a ant 1ye desanm 2019-, 31 desanm 2019, ou ka resevwa yon vyolasyon. Ou kapab adrese vyolasyon ou an depi ou depoze li nan nenpòt ki lè.

1. Depoze yon Rapò Anyèl pou Pinèz ak HPD

Tout pwopriyetè ki gen plizyè apatman dwe eseye jwenn dosye enfestasyon pinèz nan men lokatè a oswa pwopriyetè inite a, tankou si yo te pran mezi pou tiye bèt yo pou yon enfestasyon pinèz epi pwoblèm nan te retounen. Enfòmasyon yon sa a dwe ranpli chak ane avèk HPD nan aplikasyon pou ranpli [Rapò Pinèz Anyèl](#) la.

2. Bay lokatè a yon kopi Rapò Anyèl la

Aprè li fini Rapò Anyèl la, pwopriyetè a dwe swa ay chak lokatè rapò a, lè yo kòmanse yon nouvo kontra ak chak renouvèlman kontra oswa afiche avi a yon kote l ap fasil pou wè nan yon bilding ki gen plizyè apatman. Pwopriyetè a dwe swa distribye oswa afiche yon [tiliv](#) ki bay enfòmasyon yon sou prevansyon, deteksyon, ak fason pou retire pinèz.

3. Bay yon Fòm Divilgasyon Pinèz bay nouvo lokatè yo selon lwa Eta New York

Tanpri sonje lwa Eta New York mande pou pwopriyetè yo devwale lè konn gen enfestasyon pinèz jiska yon (1) ane bay nouvo lokatè yo nan [Fòm Divilgasyon](#) sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon yon, ale sou sitwèb [Renouvèlman Kay ak Kominote Vil New York la](#).

Note byen fòm pou depoze a disponib sou entènèt la nan [pajwèb Kalite / Sekirite Lojman HPD a](#) si ou pa ka depoze li sou entènèt la.

Resous An Plis: "Pran Devan Plon " Seminè sou entènèt

HPD lanse kanpay "Pran Devan Plon" yon nouvo estansyon ak inisyativ edikatif pou adrese danje ki nan penti ki gen pwodui toksik yo. Kanpay sa gen yon valè seminè sou entènèt ki gen prezantasyon videyo ki anrejistre davans sou kòman pwopriyetè ak ajan yo sipoze respekte lwa ak règleman sou penti ki gen pwodui toksik yo. Seminè sou entènèt yo pral ede ou rete enfòm sou nouvo ak dènye règleman epi obligasyon sou penti abaz plon yo.

Tanpri, navige sou kont edikasyon an sou [sitwèb HPD Penti abaz Plon](#) pou ka wè anrejistreman seminè ki pase deja yo:

- Aprann sou Penti abaz Plon: 12 kle pou pote pou chak pwopriyetè (Desanm 2019)
- Konsèvasyon dosye. Yon Gid ak bon jan dokiman pou mete w an règ pou penti abaz plon Janvye 2020)
- Responsablite pwopriyetè yo sou Do a (Mas 2020)

Lòt seminè sou "Pran Devan Plon" k ap vini an se pou Mèkredi, 29 avril a 11am EST epi l ap bay yon rezime fondalnatal sou kòman pou travay ak penti abaz plon an san danje. Tanpri [enskri](#) pou seminè sou entènèt la.

Pratik Travay Sekirize nan Bilding ki gen Penti Abaz Plon

Jedi, 26 mas 2020 a 11am pou 12:30pm EST

<https://register.gotowebinar.com/register/4679031511848943118>